



konferanz  
menonit  
MOZAYIT

# REFLEKSYON

PRENTAN 2024



## *Konsèy Konferans Afime Deklarasyon Santral Pou Plan Estratejik la*

Nan dat 17-19, 2024 Konsèy Konferans Mosaic la te rankontre nan Birches Camp (Plymouth, VT) pou yon retrèt, ki te enkli adorasyon, priyè, konstriksyon relasyon, ak yon sesyon preparasyon pou disènman ak priz desizyon, epi te afime Deklarasyon Santral yo nan Plan Estratejik Ekip Chemen.

# Konsèy Konferans Afime Deklarasyon Santral Pou Plan Estratejik la

**NAN DAT 17-19, 2024** Konsèy Konferans Mosaic la te rankontre nan Birches Camp (Plymouth, VT) pou yon retrèt, ki te enkli adorasyon, priyè, konstriksyon relasyon, ak yon sesyon preparasyon pou disènman ak priz desizyon, epi te afime Deklarasyon Santral yo nan Plan Estratejik Ekip Chemen.

Deklarasyon santral yo pou estrikti an fòm plan estratejik la, ki aktyèlman ap devlope pa Ekip Direksyon Chemen an ak sipò nan men òganizasyon konsiltan an Grovider. Deklarasyon santral yo kouvri senk domèn: rekonsilyasyon, devlopman lidèchip, konstriksyon relasyon, klate/idantite, ak komunikasyon ak atikile kijan Mosaic pral travay nan senk domèn sa yo. Chak deklarasyon santral gen objektif ak aktivite ki koresponn nan plan estratejik la ki aktyèlman an devlopman.



Plan estratejik konplè a, ak yon rekòmandasyon otou kesyon an sou afilyasyon ak Mennonite Church USA (Legliz Menonit Etazini), pral prezante pa Ekip Direksyon Chemen an devan rankont konsèy la nan dat 19 Dawou. Nan fen mwa Dawou, konsèy la pral defini ajanda pou Asanble Novanm lan.

Nou ankouraje pou w kontakte Minis Prensipal ou yo, oubyen manm Ekip Chemen an, ak kesyon epi opinyon ou yo.



- DEKLARASYON SANTRAL
- PLAN ESTRATEJIK
- REKÒMANDASYON AFILYASYON

*Ekip Direksyon Chemen pral ofri Konsèy la Deklarasyon Santral yo (fini), plan estratejik, ak rekòmandasyon afilyasyon (an kou). Konsepsyon Grafik pa Kiron Mateti (Plains, [Hatfield, PA]).*



## MOMAN FÒ PANNKOT

**OMWEN 36 KONGREGASYON** nan Konferans Mosaic la te patisipe nan selebrasyon Mosaic 2024 entitile “Pannkot Ansanm / Bersama / Juntos.” Tan ansanm la te aksantye koneksyon atravè kongregasyon nan pèspektiv kiltirèl ak teyolojik diferan pou devlope ak apwofondi relasyon.



#MosaicTogether2024

**DEVÈSMAN LESPRI SEN PA FINI NAN PANNKOT! #MosaicTogether2024**

kontinye pou rès ane a! Nou ankouraje ou pou w kontinye itilize hashtag sa a pandan w ap konstwi relasyon atravè konferans lan!

# Nouvo Kominote k ap Rejwenn Mosaic

**KONFERANS** nou an te kontinye fleri ak yon kwasans siprenan depi nou te vin Mosaic. Vin rekonèt kèk nan kominote nouvo ak emèjan nan kò nou an:

## Neffsville Mennonite

**LANCASTER, PA**

Nan dat 7 janvyè 2024, Neffsville Mennonite (Lancaster, PA) te deplase kite wòl kòm yon manm nan Konferans Kot Altantik la pou l vin afilye ak Mosaic. Neffsville te mande Mosaic pou l te reyalize akreditasyon pastè Neffsville yo ki se Hunter Hess ak Eszter Bjorkman.



## Resplandece Mennonite

**PEMBROKE PINES, FL**

Resplandece se yon kominote ibrid ki te kòmanse adore ansanm an desanm 2023. Kèk rasanble nan fas-a-fas nan kay Josue Gonzalez nan Pembroke Pines, Florida, Pastè Manuel Garcia ak fanmi li ap viv nan Barranquilla, Kolonbi, epi lòt moun yo rasanble anliy apati New York ak lòt kote.



## Shores of Hope

**WEST PALM BEACH, FL**

Shores of Hope se yon ministè ki akonpaye refijye ikrenyen ak ris nan zòn lan, ansanm ak lòt moun ki pale ris ki te grandi nan Inyon Sovyetik. Li te kòmanse kòm yon etid bibliik slav ki te òganize yon konsè Nwèl pou pataje Levanjil ak atire yon gwoup miltikiltirèl pou adorasyon ak amitye.



## Comunidad Anabautista de Medellín

**MEDELLÍN, KOLONBI**

Kominote Anabatis Medellin lan, nan Kolonbi se yon ministè akonpayman, refleksyon bibliik, ak swen pastoral ki dirije pa Pastè Carlos Sanches ak Nidia Montoya, ki aksantye tou temwayaj lapè ak rekonsilyasyon.



## Mizajou Estaf Mosaic

**ANE 2024** te pote yon varyete tranzisyon ki chache reponn a bezwen Konferans lan te idantifye pandan n ap viv pi konplètman priyòrite, misyon, entèkiltirèl, ak fòmasyon.

### Depa

**RANDY HEACOCK** te mete fen nan wòl li kòm Minis Lidèchip an Oktòb 2023.

**SUE CONRAD HOWES** te mete fen nan wòl li kòm Chèf Ekip Kominikasyon ak editè Mosaic News an Janvyè.

### Nouvo Estaf



**STACEY MANSFIELD** te kòmanse kòm Kolaboratris Administratif ak Ospitalye an desanm 2023, pandan li t ap sipòte travay pou bay lidè akreditasyon ak planifikasyon Asanble.



**JENNIFER SVETLIK** te vin jwenn wòl Asosye Kominikasyon ak Devlopman epi editè Mosaic News an Janvyè.

### Nouvo wòl pou Estaf Aktyèl



**CINDY ANGELA**, ki te sèvi kòm Asosye Kominikasyon Dijital depi 2020, te kòmanse kòm Direktris Kominikasyon an Janvyè.



**EMILY RALPH SERVANT**, ki te sèvi Konferans lan nan yon varyete wòl depi 2011, te kòmanse kòm Minis Lidèchip pou Priyòrite Estratejik an Janvyè.



**ROSE BENDER COOK** te vin Minis Lidèchip pou Fòmasyon an fevriye, yon wòl li te sèvi nan fason enterimè depi oktòb 2023. Depi 2021, li te ede dirije Mosaic Institute.

Nan estaf Konferans Mosaic la gen 22 moun a plen tan ak a tan pasyèl. Estaf konferans akonpaye ak sipòte kongregasyon, lidè akredite, Ministè ki lye ak konferans, ak kolaboratè ministè, pandan y ap sèvi prèske 100 kominote ak kominote ki asosye ak Mosaic nan uit eta epi ak patenarya an Afrik, Azi, Ewòp, ak Amerik Latin.

## TÈM ASANBLE KONFERANS 2024 LA

**MACHE NAN  
IMILITE AK  
BONDYE**

MICAH 6:8



**"O pèp, Seyè a te di w  
kisa ki bon, epi se sa  
li ekzije de ou: pou fè  
sa ki bon, pou renmen  
konpasyon, epi pou w  
mache ak imilite ak  
Bondye ou an."**

- MICAH 6:8

**AN ME KONSÈY MOSAIC** la te afime tèm lan pou Asanble Mosaic la pou 2024: Mache ak Imilite ak Bondye. Poukisa imilite kounye a? Pandan n ap apwoche disènman komen an nan pwosesis Chemen an, "mache ak imilite ak Bondye" prezante kòm yon tèm ki espesyalman enpòtan. N ap chache reflechi sou kijan pou n kenbe lafwa ak kwayans nou nan gras, pandan n ap chache pèsonefyè lanmou rekonsilyan Jezi nan mond kraze ak bèl nou an.

Imilite na mitan vin Mosaic se yon envitasyon pou onore diferans ant nou pandan n ap chache ofri yon temwayaj diferan nan mond lan. Pandan Asanble vital ane sa a, nouvo liv Rev. Dr. Dennis Edwards la ki se Imilite Ilimine ofri nou yon pèspektiv Anabatis pou fason pou nou avanse.

Imilite se yon tèm vital nan temwayaj pataje nou an kòm legliz la, ki manifeste atravè aksyon sèvis, lave pye, ak jan nou viv. Nan menm tan an, pou kominote ak endividi ki te soufri opresyon, pafwa yo te transfòm imilite an zam pou jistifye opresyon kontini. Travay Dr. Edwards libere imilite nan fason difisil, ki ofri posiblite sou kijan nou ka kontinye rete Mosaic ansanm.



**ASANBLE KONFERANS 2024**  
SAMDI, 2 NOVANM, 2024 | 9 AM – 4:30 PM  
SOUDERTON (PA) MENNONITE CHURCH



PREDIKATÈ PRENSIPAL:  
REV. DR. DENNIS EDWARDS



**REFLEKSYON** se bilten chak twa ane pou Konferans Menonit Mosaic la. Pou plis enfòmasyon, kontakte nou nan:  
**1000 Forty Foot Rd, Ste. 100, Lansdale, PA 19446**  
**Telefòn: 267-932-6050 | Imel: office@mosaicmennonites.org**